

## Enfòmasyon Enpòtan Konsènan Plon nan Dlo Potab Ou

Depatman Pwoteksyon Anviwònman Vil Nouyòk te jwenn nivo plon ki wo nan dlo potab nan kèk kay/ bilding. Plon kapab lakòz pwoblèm sante grav, sitou pou fanm ansent ak pou jenn timoun. Tanpri li enfòmasyon sa yo anpil pou wè sa ou kapab fè pou diminye plon nan dlo potab ou.

### Efè Plon sou Sante

Plon kapab lakòz pwoblèm sante grav si kò ou resevwa twòp plon ki sòti nan dlo potab oswa nan lòt sous. Li kapab lakòz domaj nan sèvo ak nan ren, epitou li kapab nuizib pou pwodiksyon globil wouj ki mennen oksijèn nan tout pati kò ou. Pi gwo risk ekspozisyon nan plon se pou tibebe, jenn timoun, ak fanm ansent yo. Syantis yo te limite efè plon sou sèvo a avèk IQ (kosyan entèlekyèl) ki diminye sou timoun. Adilt ki gen pwoblèm ren ak ipètansyon kapab afekte nan nivo fèb plon pi plis pase adilt ki an sante yo. Plon an estoke nan zo yo, epi li kapab degaje pita nan lavi moun nan. Pandan gwosès, timoun nan resevwa plon nan zo manman an, ki kapab afekte devlopman sèvo a.

Avi sa a genyen enfòmasyon enpòtan konsènan plon nan dlo potab. Yo pa jwenn plon nan nivo ki wo nan rezèvwa dlo oswa nan sistèm distribisyon dlo Vil Nouyòk, men yo te detekte nivo plon ki wo nan echantiyon dlo tiyo yo te pran nan kèk kay ki genyen liy sèvis an plon (kay ki bati anvan ane 1961 yo kapab genyen liy sèvis an plon), oswa enstalasyon ak plonbri andedan ki genyen plon, oswa ki genyen plonbri andedan ki asanble avèk soudi plon (plonbri yo enstale anvan ane 1987 yo kapab genyen soudi plon) nan echantiyon yo te pran pandan sezon lete sa a.

Li bay enfòmasyon sou efè plon sou sante, sous plon an ak fason plon kapab antre nan dlo tiyo a, epitou etap senp ou kapab fè pou pa twò ekspoze nan plon ki nan dlo tiyo a.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311, oswa ale nan sou sit wèb DEP nan [www.nyc.gov/dep](http://www.nyc.gov/dep). Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou pa twò ekspoze nan plon ki lakay ou/ nan bilding ou, ak enfòmasyon sou efè plon genyen sou sante, ale sou sit wèb EPA nan [www.epa.gov/lead](http://www.epa.gov/lead), oswa kontakte founisè swen sante ou. Ou kapab ale tou sou sit wèb Depatman Sante Eta Nouyòk nan [www.health.ny.gov](http://www.health.ny.gov).



**Environmental  
Protection**

Michael R. Bloomberg, Mayor  
Cas Holloway, Commissioner

printed on recycled paper 11/10 Haitian

PWSID: NY7003493

## Enfòmasyon Enpòtan konsènan Plon nan Plonbri Kay



**NYC**  
Environmental  
Protection

## Sous Plon

Plon se yon meta komen yo jwenn nan anvivònman an, epitou yo itilize plon nan penti, nan tiyo plonbri ak wobinè, ak nan lòt pwodui. Yo kapab jwenn plon nan pousyè kay, nan tè, ak nan kèk pwodui konsomasyon enpòte tankou potri ajil, pwodui kosmetik, manje ak jwèt. Yo kapab jwenn plon tou nan dlo, menmsi se nan nivo ki fèb anpil. Genyen plon raman nan rivyè ak nan lak yo; kidonk, dlo ki sòti nan rezèvwa pati nò Vil Nouyòk ak nan sistèm distribisyon dlo prèske pa gen plon ladan.

Plon antre sitou nan dlo potab paske plonbri ki gen plon an vin wouye, tiyo ki konekte plonbri kay la nan manman tiyo dlo vil la, soudi ki sou tiyo kuiv yo ak wobinè yo vin wouye tou. Menmsi yo te mete règleman anplas pou diminye plon nan plonbri, kay ou kapab toujou genyen plonbri ak enstalasyon ki genyen kantite plon si yo te enstale anvan règ sa yo te vin anvigè.

Lè dlo a poze pandan plizyè èdtan oswa plis nan liy sèvis plon yo oswa nan sistèm plonbri ki genyen plon, kèk plon kapab fonn nan dlo a. Nan sistèm konsa, sa vle di dlo yo pran anvan nan tiyo a lematen, oswa pita nan apremidi apre moun retounen sòti nan travay oswa nan lekòl, kapab genyen nivo plon ki wo. Menm wobinè, enstalasyon, ak vav tounèf yo, ak sa yo di ki “san plon” nan piblisite kapab lage plon tou nan dlo potab la. Dapre lalwa Eta Nouyòk, enstalasyon plonbri ki genyen apeprè 8 pousan kantite plon kapab gen etikèt “san plon.” National Sanitation Foundation genyen nouvo estanda ki limite nivo plon an a 0.25%. Konsomatè yo ta fèt pou konnen sa lè y ap chwazi enstalasyon plonbri, epitou yo ta fèt pou pran prekosyon apwopriye.

## Kijan Minisipalite Vil la ap Diminye Risk pou Plon nan Dlo?

DEP toujou genyen yon pwogram aktif pou diminye kantite plon ki fonn nan dlo, sitou nan kay prive ki gen plon oswa ki gen soudi plon nan tiyo yo. DEP ap kontwòle ak ajiste nivo pH (potansyèl idwojèn) dlo a avèk prekosyon nan yon nivo espesifik pou diminye posiblite wouy, epitou nou ajoute asid fosforik – yon ajan komen pou konsévasyon manje – pou kreye yon film pwoteksyon sou tiyo yo ki diminye degajman metal, tankou plon, nan plonbri kay la.

DEP fè kontwòl serye ak konplè chak tou, pou asire nou kontinye ap distribiye dlo Nouyòk yo espere resevwa. Dlo sa a bon pou sante, epitou li gen bon gou. DEP kontwòle dlo potab li pou detekte apeprè 250 kontaminan. Ajans kontwòl yo pa egzije apeprè 100 nan kontaminan sa yo. Epitou DEP fè plis ase 500,000 tès kalite nan dlo a chak ane.

## Kijan Mwen Kapab Diminye Posiblite pou Mwen Ekspoze nan Plon ki nan Dlo a?



### LOUVRI WOBINÈ OU JOUK LÈ DLO A FRÈT

Anvan ou itilize dlo a pou bwè, pou kwit manje oswa pou mete nan lèt an poud tibebe, louvri wobinè pandan omwen 30 segonn, jouk lè dlo a vin frèt nèt.



### ITILIZE DLO TIYO FRÈT LA POU BWÈ, POU KWIT MANJE AK POU METE NAN LÈT AN POU TIBEBE

Pa janm sèvi ak dlo tiyo cho pou bwè, pou kwit manje, oswa pou mete nan lèt an poud tibebe ak nan sereyal tibebe. Plon kapab fonn po fasil nan dlo cho tiyo a.



### PA BOUYI DLO POU RETIRE PLON

Lè ou bouyi dlo a sa p ap retire plon ki ladan an, epitou dlo bouyi a kapab konsantre plon an pito. Lè ou louvri wobinè a se pi bon fason pou retire plon nan dlo ki nan tiyo a.



### NETWAYE KOUVÈTI WOBINÈ OU

Pafwa plon ak sediman kapab akimile sou kouvèti wobinè endividyèl yo nan wobinè ou. Pou netwaye yo, retire paswa wobinè a chak peryòd nan tout wobinè yo, epi louvri dlo a pandan 3 a 5 minit.



## TÈS POU DETEKTE PLON

Si ou panse plonbri kay ou ka gen plon apre ou fin fè tout eta sa yo, rele 311 oswa ale sou sit wèb [www.nyc.gov/dep](http://www.nyc.gov/dep) pou mande yon twous tès dlo pou gratis.

## SA POU KONNEN KONSÈNAN APARÈY TRETMAN POU KAY

Aparèy tretman pou kay bezwen antretyen ak ranplasman chak peryòd, epitou yo kapab trete sèlman dlo k ap koule nan wobinè (yo) kote li yo konekte a. Asire ou vrè tcheke pèfòmans yon aparèy tretman pou kay anvan ak apre enstalasyon inite a. Li pake a pou asire yo apwouve aparèy tretman an pou diminye plon, oswa kontakte NSF International nan nimewo 800-NSF-8010 oswa nan sit wèb [www.nsf.org](http://www.nsf.org) pou jwenn plis enfòmasyon.



## Fason pou Evite Anpwazònman nan Plon

Lalwa Eta Nouyòk egzije founisè swen sante yo pou yo teste tout timoun pou konnen si yo anpwazonnen nan plon lè timoun yo gen laj ennan oswa dezan. Epitou pale avèk founisè swen sante ou konsènan fason pou teste gran timoun yo ak fanm ansent yo si yo nan risk.

Nan Vil Nouyòk, penti abaz plon k ap dekalè se kòz ki pi komen pou jenn timoun anpwazonnen nan plon. Minisipalite Vil Nouyòk te entèdi penti abaz plon nan ane 1960, men ansyen kay yo kapab toujou gen penti abaz plon nan fenèt yo, nan pòt yo, nan miray yo oswa nan lòt sifas. Fè moun ki lwe ou kay la konnen si ou genyen penti abaz plon k ap dekalè lakay ou. Moun ki lwe ou kay la fèt pou enspekte ak byen repare penti k ap dekalè a si gen jenn timoun k ap viv lakay ou. Rele 311 si moun ki lwe ou kay la pa byen repare penti abaz plon k ap dekalè a. Epitou rele 311 pou jwenn plis enfòmasyon sou efè plon genyen sou sante, sa ki lakòz anpwazònman nan plon ak fason pou fè pitit ou teste pou detekte plon. Pou jwenn plis enfòmasyon sous a ou kapab fè pou ede evite anpwazònman nan plon, ale nan sit wèb. [www.nyc.gov/health](http://www.nyc.gov/health).